



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



Direktiv COVID-19 yo pou Retounen An-Pèsòn

Sentòm COVID-19 yo manifeste soti de sentòm leje pou rive nan maladi grav yo. Sentòm yo ka parèt **ant 2-14 jou apre ekspozisyon a virus la**. Selon direktiv CDC yo, elèv ki gen sentòm ki vin annpre sa yo ka gen COVID-19 epi yo dwe rete lakay yo oswa y'ap voye yo lakay yo pou karantèn:

- Lafyèv oswa frison
- Tous
- Souf anlè oswa difikilte pou respire
- Fatig
- Doulè nan misk oswa kò
- Maltèt/Tèt fè mal
- Pèdi posiblite pou pran gou oswa sant
- Gòj fè mal/mal gòj
- Nen bouche oswa k'ap koule
- Kè plen oswa vomisman
- Dyare

CDC bay direktiv ak opsyon ki vin annpre sa yo pou retounen an pèsòn pou aprantisaj apre karantèn:

Opsyon I:

Yon pwofesyonèl medikal te evalye elèv la epi li gen yon **dokiman** ki pwouve ke li teste negatif pou COVID-19 epi li otorize pou li retounen nan lekòl la. Paran (yo) ta dwe bay dokiman an nan biwo sante a anvan yo antre nan salklas yo paske elèv yo dwe gen otorizasyon pou yo retounen.

Opsyon II:

Elèv la PA te evalye pa yon pwofesyonèl medikal epi li PA teste pou COVID-19, li ka retounen lè tout kondisyon sa yo ranpli:

1. Omwen 10 jou pase depi kòmansman sentòm yo / yo te voye yo lakay yo a, oswa plis tan ke sa, epi
2. Pa't gen okenn lafyèv (temperati mwens pase 100.4 F) san medikaman pandan 24 èdtan, epi
3. Pa gen okenn sentòm ankò